



Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 35ÈM PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2017 LAN:
RESTORE ENTEGRITE AK SANS RESPONSABILITE GOUVÈNMAN ETA A
ATRAVÈ REFÒM ETIK GLOBAL**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon pwopozisyon ki gen 10 pwen pou fè vanse refòm etik solid ak bon gouvènman yo pou ede popilasyon an rebran konfyans ak restore franchiz nan reprezantan eli New York yo. Pake refòm global la gen ladan l:

- Fè vanse yon amandman konstitisyonèl ki limite lòt revni eksteryè epi kreye yon lejislati atanplen;
- Fè vanse yon amandman konstitisyonèl ki enpoze limit nan manda fonksyonèl eli yo;
- Egzije manm Lejislati yo pou yo resevwa yon opinion konsiltatif avan yo touche revni eksteryè;
- Fè vanse lejislasyon pou elimine “Nich Fiskal LLC a” (“LLC Loophole”) (Sosyete ki gen Responsabilite Limite);
- Etabli Finansman Piblik epi pwomilge yon seri lòt refòm finansman kanpay;
- Soumèt fonksyonèl eli lokal yo a egzijans divilgasyon finansyèl yo;
- Pwomouvwa Pi Plis Transparans Atravè Refòm Global ki fèt nan Lwa sou Libète Enfòmasyon Eta yo (State Freedom of Information Law);
- Agrandi otorite Enspektè Jeneral Eta a pou kouvri SUNY ak CUNY san bi likratif yo;
- Kreye yon nouvo Enspektè Jeneral pou Port Authority ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department); epi
- Asire plis siveyans sou pwosesis akizisyon eta a.

“Gouvènman Eta a dwe fè plis pou retabli konfyans popilasyon an paske antanke fonksyonèl eta a nou merite konfyans popilasyon n ap sèvi yo atravè entegrite nou. Malerezman, nan Albany te gen yon seri abi konfyans sa a,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Nou dwe pran mezi pou nou montre popilasyon Eta sa a nou konprann yo, epi lè yon moun fè yon bagay mal, yo resevwa pinisyon yo merite selon tout rigè lalwa epi nou gen yon sistèm ki ap kenbe yo. Nou te deja ap fè travay istorik onivo eta a – gouvènman ap fè plis pase l janm te konn fè avan – men imajine kisa nou te ka fè si nou te gen tout konfyans popilasyon an. Si nou te gen konfyans sa a, pa gen anyen nou pa tap ka fè – epi mwen pap sispann jouk mwen rive jwenn li.”

Depi lè l monte sou pouvwa, Gouvènè Cuomo te lite yon fason agresif pou refòm etik global kòmanse ak Lwa sou Entegrite Piblik (Public Integrity Reform Act) 2011 lan ki te ogmante transparans ak sans responsabilite atravè gouvènman an. Efò san pran souf sa a te kontinye ane ki sot pase a avèk akò istorik Gouvènè a te fè ak Lejislati Eta a pou vanse refòm sou eleksyon reyaliman politik yo, lobiyan, ak refòm aplikasyon lwa yo -- ki gen ladan premye lejislasyon nan peyi a pou koube pouvwa depans endepandan yo epi mete fen a kowòdinasyon nan kanpay politik Tribinal Siprèm nan te deklanche an 2010 la nan desizyon ka *Citizens United vs. the Federal Election Commission*.

Ane sa a, Gouvènè a ap travay pou l ajoute plis ankò menm sou dosye pèfòmans sa a atravè yon pake etik global ki reponn a yon seri pwoblèm fondamantal ki rann konpòtman kòwonpi pèsiste nan gouvènman Eta New York la. Refòm sa yo gen ladan yo:

Fè vanse yon amandman konstitisyonèl ki limite lòt revni eksteryè

Estrikti tan pasyèl lejislati a pèmèt pwofesyonèl ki gen yon antesedan ak eksperyans varye mete tèt yo osèvis popilasyon an. Poutan yo te sòlve enkyetid konsènan konfli denterè potansyèl ki ka parèt nan revni lejislatè yo touche nan lòt anlwa. Pou nou atenn yon ekilib ant sèvis piblik ak inisyativ prive yo, Gouvènè ap pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou yo soumèt devan elektè yo ki ta limite revni eksteryè pou lejislatè yo a 15 pousan salè debaz yo. Limit 15 pousan sa a se menm ak limit gouvènman federal nou an plase sou revni eksteryè lejislatè federal yo.

Fè Vanse yon Amandman Konstitisyonèl ki Enpoze Limit nan Manda pou Fonksyonè Eli yo

Limit manda aktyèl la egzije manm lejislati a yo pou yo poze kandida pou reyeleksyon chak dezan, poutan pa gen limit sou konbyen manda yo ka genyen. Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon amandman konstitisyonèl pou kreye manda lejislatif katran pou manm Sena ak Asanble a yo. Amandman konstitisyonèl li pwopoze a pral enpoze yon limit uit manda pou nouvo manm yo, epi enpoze yon limit manda pou tout fonksyonè atravè tout eta yo.

Egzije Manm Lejislati yo pou yo Resevwa yon Opinion Konsiltatif Avan yo Touche Revni Eksteryè

Aktyèlman, lejislatè yo ka touche revni nan men antrepriz prive san yo pa egzije pou yo resevwa okenn analiz oswa apwobasyon konsènan si wi ou non revni sa a reprezante yon konfli denterè avèk fonksyon yo anvè popilasyon an. Pouvwa egzekitif la, an revanch, oblije soumèt demand apwobasyon pou yon analiz verifikasyon konfli pou yo ka elimine pwoblèm etik yo. Paske lejislatè yo pa oblije chache opinyon sou revni eksteryè yo nan men yon komisyon etik lejislatif, epi komisyon an pa gen pou pibliye opinyon sa a, lejislatè yo ka apèn resevwa konsèy oswa yo ka pa resevwa okenn konsèy ditou lè y ap panse sous konfli fondamantal yo.

Konsa a, Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon ki pral egzije pou tout lejislatè yo chache yon opinyon konsiltatif nan komisyon etik lejislatif la avan yo touche revni eksteryè. Pou

plis sopòte yo nan mi refleksyon yo ak diskisyon konsènan revni eksteryè ak konfli denterè yo, ansanm ak ranfòse konfyans popilasyon an nan pwosesis la, y ap chwazi yon moun nan Biwo Administrasyon Jidisyè a (Office of Court Administration) pou sèvi nan komisyon an. Lè yo egzamine konpansasyon ki soti nan aktivite andeyò eta yo sou yon baz endividyèl, chak ka apa, mezi sa a pral ede gide reprezantan eli nou yo, anpeche konfli denterè, epi ogmante konfyans popilasyon nan tout fonksyonè eli yo.

Elimine Nich Fiskal LLC yo (LLC Loophole)

Pou prezève eleksyon ouvèt, lib, ak jis ki pa kaptire enterè popilasyon rich yo sèlman, lwa eta limite valè lajan kòporasyon oswa patikilye yo alafwa ka fè don dirèkteman bay kandida eta yo. Toutfwa, akòz yon anomali ki nan fason yo entèprete lwa eleksyon aktyèl la, patikilye ak kòporasyon ki rich yo ka itilize Sosyete ki gen Responsabilite Limite yo (LLCs) pou evite respekte limit don pou kanpay New York la yo. “Nich Fiskal LLC” a nan lwa sou finansman kanpay la te pèmèt enterè patikilye yo elide ni limit kontribisyon yo ni egzijans divilgasyon yo. Gouvènè a pwopoze elimine Nich Fiskal LLC a pou tout fonksyonè eli yo pou inifòmize règ jwèt la pou Nouyòkè rich tankou pòv yo fè tandè vwa yo nan pwosesis politik nou an.

Soumèt Fonksyonè Eli Lokal yo a Egzijans Divilgasyon Finansyè yo

Se pa sèlman fonksyonè eli eta yo ki fè fas a konfli, oswa konfli potansyèl, denterè yo. Fonksyonè eli lokal yo ak ajan minisipalite yo siseptib a enkyetid sa yo menm jan, epi yo dwe soumèt yo a menm egzijans divilgasyon ak omològ eta yo.

Ankonsekans, Gouvènè a ap pwopoze pou nenpòt fonksyonè eli lokal ki touche plis pase \$50,000 pa ane nan salè gouvènman, ansanm ak tout Konte Egzekitif yo (County Executives), Direktè Konte yo (County Managers), ak tout Prezidan Konsèy Administrasyon Sipèvizè yo (Chairs of County Boards of Supervisors) ranpli menm fòmilè deklarasyon divilgasyon finansyè ak anplwaye eta yo nan Komisyon Miks sou Etik Piblik la (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE), oswa yon fòmilè similè pou eta apwouve. Sa vle di anplwaye minisipal yo pral founi menm enfòmasyon nan deklarasyon divilgasyon finansyè yo a yo ak anplwaye eta yo, ki gen ladan revni konjwen oswa patnè entim li. Sunlight, nan ka sa a, ale pi lwen anvan pou asire popilasyon moun yo fè konfyans pou sèvi nan gouvènman yo ranpli devwa yo anvan popilasyon an.

Etabli Finansman Piblik epi Pwomilge yon Seri Lòt Refòm Finansman Kanpay yo

Chak jou, Nouyòkè òdinè yo ap goumen pou fè nou tandè vwa yo nan sistèm politik nou an. Kèlkeswa pwoblèm lan, kandida yo jwenn ankourajman pou yo konsantre yo sou pi gwo don olye de ti don yo. Yon sèl fason pou vrèman rezoud pwoblèm lan se pou etabli yon sistèm finansman piblik pou kanpay politik yo ki egale fon yo resevwa atravè ti don yo. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou fè jis sa a lè li etabli yon sistèm finansman piblik volontè ki egale ti don yo avèk fon piblik yo. Sèlman lè sa a, tout Nouyòkè pral, pa sèlman yon ti gwoup, atenn pouvwa pou fè tandè vwa yo.

New York kontinye pèmèt moun ak antrepriz yo bay kontribisyon san limit pou kont “tach woutin” pati politik yo tou. Yo konsepsyone kont sa yo pou sipòte aktivite pati

politik yo ki pa gen rapò ak kanpay, men yo founi pito lòt mekanis pou gwo donatè yo gen enpak sou kanpay politik yo. New York toujou pèmèt kanpay entèmedyè tou, yo rele sa a “bundler” (Kolektè fon pou pati politik yo) pou fè pase gwo gwoupman kontribisyon patikilye pou yon sèl kanpay san divilge idantite “bundler” a. Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou reponn a toude pwoblèm sa yo lè l etabli yon limit kontribisyon \$25,000 sou kont tach woutin yo epi egzije pou “bundlers” yo devwale idantite yo.

Pwomouvwa Pi Plis Transparans Atravè Refòm Global ki fèt nan Lwa sou Libète Enfòmasyon a Eta a yo

Lwa Enfòmasyon sou Libète New York (New York Freedom of Information Law, FOIL) la gouvènè dwa piblik la pou l gen aksè nan dosye gouvènman yo ak bay transparans pou sitwayen kap travay nan gouvènman eta a. Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon refòm global FOIL pou amelyore transparans ak pwomouvwa franchiz nan gouvènman eta a, ki gen ladan egzije divilgasyon pwoaktrif sèten dosye.

Men transparans pa ka sèlman limite a pouvwa Egzekitif la sèlman —tout moun dwe sijè a menm estanda. Ankonsekans, Gouvènè a ap pwopoze pou FOIL aplike menm jan nan Lejislati a tou. Anplis de sa a, Gouvènè a ap pwopoze pou yo aplike FOIL ak Open Meetings Law (Lwa Reyinyon Ouvèt) eta yo alafwa pou JCOPE ansanm avèk Komisyon Etik Lejislatif la pou plis ankouraje transparans ak sans responsablite epi amelyore konfyans popilasyon an nan tout aspè gouvènman eta nou an.

Agrandi Otorite Enspektè Jeneral Eta New York la

Enspektè Jeneral Eta New York la responsab pou asire gouvènman eta, anplwaye l yo, ak tout lòt moun oswa antite ki fè patenarya ak eta a satisfè estanda entegrite ak sans responsablite ki pi elve yo. Nan ka sa a, te gen rapò sou abi finansyè ki te fèt resaman nan, ak anndan, inivèsite State University of New York (SUNY), City University of New York (CUNY), ak lòt asosye san bi likratif li yo.

Pandan Enspektè Jeneral Eta a envestige abi sa yo ki te fèt nan SUNY ak CUNY an, pouvwa legal la pa aktyèlman enkli antite asosye san bi likratif ki travay dekonsè ak inivèsite yo. Ankonsekans, Gouvènè a ap pwopoze pou ogmante jirisdiksyon Enspektè Jeneral la pou l enkli sipèvizyon antite sa yo. Enspektè Jeneral la pral gen otorizasyon pou l envestige plent kòripsyon, fwòd, aktivite kriminèl, konfli denterè, oswa abi anndan chak inivèsite yo ak asosye yo, epi refere rezilta krim potansyèl yo jwenn anndan antite sa yo pou pouswit jidisyè.

Gouvènè a ap pwopoze pou elaji otorite Enspektè Jeneral la tou pou l enkli tout akizasyon ki konsène eta a epi mete an aplikasyon ak fè respekte politik sou kontwòl finansyè yo nan SUNY ak CUNY. Sa a pral pèmèt Enspektè Jeneral la sipèvize politik tout òganizasyon asosye san bi likratif ak tout fondasyon yo ki nan chak inivèsite respektif yo.

Kreye yon nouvo Enspektè Jeneral pou Port Authority ak Depatman Edikasyon Eta a

Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon ki pral kreye yon Nouvo Enspektè Jeneral pou

Port Authority ki pral responsab pou l'investige ak pouswiv lajistis tout konpòtman ilegal konfòmman ak kondwit Port Authority ki konsène New York la. Chak komisè New York oswa anplwaye ki responsab sipèvizyon yo pral oblije rapòte bay Nouvo Enspektè Jeneral Port Authority a, kondwit ki gen rapò ak kòripsyon, fwòd, aktivite kriminel, konfli denterè, oswa abi, nenpòt moun fè an rapò ak anplwa l'avèk Authority a.

Gouvènè ap pwopoze tou pou kreye yon nouvo, Enspektè Jeneral Endepandan pou sipèvize ak investige akizasyon kòripsyon, fwòd, aktivite kriminel, konfli denterè, oswa abi, nenpòt moun anndan Depatman Edikasyon Eta a te fè (State Education Department, SED). Kontrèman a lòt ajans eta yo, pa gen okenn antite investigatif k ap sipèvize SED aktyèlman. Yon akò mityèl ant Sena ak Asanble a pral nonmen Enspektè Jeneral SED a.

Enspektè Jeneral respektif la yo pral gen pouvwa pou refere rezilta krim potansyèl anndan antite yo pou pouswit jidisyèl.

Pwomilge Refòm sou Akizasyon yo

Malgre pwoteksyon legal ki la deja yo, konfli denterè ak kondwit ilegal kapab mete enpasyalite ak objektivite pwosesis akizasyon aktyèl la an danje. Risk sa vin pi elve anko akòz gwo montan lajan ajans piblik eta ak lokal yo ap depanse, sa ki depase plis pase anpil dizèn milya dola chak ane.

Ankonsekans, Gouvènè a ap pwopoze kreyasyon yon Chief Procurement Officer (Responsab an Chèf Akizasyon) pou sipèvize entegrite ak inifòmite pratik akizasyon atravè tout eta yo epi asire pèsònèl akizasyon an prè pou yo kondwi akizasyon nan yon fason efikas ak etik. Pou atenn fen sa yo, Responsab an Chèf Akizasyon an pral mennen yon revizyon global sou pratik akizasyon aktyèl yo atravè tout antite eta yo ak asosye konsène yo pou etabli meyè pratik ak mete politik ak pwosedi inifòm yo an aplikasyon. Pwosesis sa yo pral efikas, y ap konsantre sou rezilta epi yo konsepsyon yo ak pwoteksyon apwopriye pou fon piblik yo ka depanse nan entegrite ki pi estrik. Finalman, Responsab an Chèf Akizasyon an pral dirije devlopman fòmasyon adisyonèl sou akizasyon ak konesans sou opòtinite pataj atravè tout eta a epi kowòdone ak Enspektè Jeneral Eta a sou pwosesis entegrite a.

Li enpòtan anpil tou pou anpeche soumasyon kontra eta yo enfluyans pwosesis akizasyon an nan yon fason inapwopriye. Nan ka sa a, Gouvènè a ap pwopoze nouvo mezi ki pral entèdi antite patikilye yo, òganizasyon yo, oswa biznis yo soumèt òf ozanchè, devis, oswa repons yo pou kontra eta ofri yo, fè kontribisyon kanpay pou okenn titilè ki okipe fonksyon nan branch gouvènman k ap akòde kontra pandan desizyon an ankou, epi pandan sis mwa aprè yo akòde kontra.

Finalman, dapre pratik aktyèl yo, Office of the State Comptroller (Biwo Kontwolè Eta a), Office of the Attorney General (Biwo Pwokirè Jeneral la), ak Office of General Services (Biwo Sèvis Jeneral yo) swa yo mennen revizyon, odit, oswa yo trete peyman vandè kontra ak/oswa benefisyè yo ki gen plizyè pwojè avèk eta yo. Toutfwa, yo manke yon sistèm inik pou kontwòle peyman ak odit antite sa yo epi yo pa kowòdone efò y ap fè

nan antite sa yo ansanm nan domèn sa yo nan yon manyè regilye. Sa dwe chanje epi pou fè sa a, Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon ki pral dirije antite sa yo, ansanm ak Office of Information Technologies (Biwo Enfòmasyon Teknoloji) ak Chief Procurement Officer, (Responsab an Chèf Akizisyon an), pou kolabore sou yon etid epi fè rekòmandasyon konsènan inisyativ pou pèmèt popilasyon an pi byen kontwole kontra ak odit eta yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418